



Sant Enfòmasyon pou Paran nan Delaware

Enfòme. Edike. Defann.

Plan Endividyalize pou Fanmi (IFSP) pou Ti Bebe ak Timoun Piti ki gen Andikap

YON TI KOUT JE

TI bebe ak timoun pitit ki gen andikap ki kalifye, soti nan laj 0 pou rive na 3 lane, ka resevwa sèvis entèvan-syon bonè ak lòt sèvis ki ka adrese bezwen devlopman yo. Fanmi yo ka resevwa tou sipò ak sèvis kap ka ede yo batí kapasite yo pou yo sipòte devlopman pitit yo ak defann yo pou yo ka jwenn sèvis ki apopriye ak yo.

IFSP a se plan endividyalize a, ki devlope ak yon team ki gen ladan li paran an ak pwofesyonèl sèvis entèvansyon bonè yo, ki di men ki sèvis ke timoun nan ak fanmi an ap resevwa pou yo ka ede timoun nan ak fanmi an ak bezwen yo.

KISA KI DWE NAN IFSP TIMOUN NAN?

- Nivo devlopman timoun nan
- Resous fanmi an, priorite yo, ak enkyetid sou devlopman pitit yo (Si paran dako pou mete enfòmasyon sa)
- Rezulta yap tann nan
- Sèvis entèvansyon bonè ke timoun nan ak fanmi an pral resevwa
- Ki kote timoun nan ak fanmi an pral resevwa sèvis sa yo
- Yon plan tranzisyon pandan ke timoun nan pral gen 3 zan



Kisa yon plan endividyalize ye (IFSP)?

Yon IFSP se yon plan ekri, pou bay sipò entèvansyon bonè ak sèvis pou ti bebe ak timoun piti ki gen andikap ki kalifye, ansanm ak fanmi timoun nan pou ede yo nan bezwen yo.

Pou plis enfòmasyon ale sou www.picofdel.org oubyen rele nan (888) 547-4412



PIC se yon òganizasyon nan tout eta ki la pou ede paran yo angaje yo nan edikasyon pitit yo.

Kiyès ki dwe la nan team kap devlope, e verifye chak peryod IFSP a

- Paran yo
- Kòdinatè ke CDW chwazi kap la pou fè IFSP a
- Yon moun ki direkteman responsab pou fè evaliyasyon an ak tès la
- Moun ki pral bay sèvis entèvansyon bonè a pou timoun nan ak fanmi an
- Si paran an mande sa, yon avoka oubyen yon lòt moun nan fanmi an

Ki sèvis ou jwenn pi souvan nan sèvis entèvansyon bonè yo?

- Sipò ak sèvis pou fanmi, ki gen ladan I sèvis kòdinasyon, fòmasyon pou fanmi, konsèy, visit lakay, sèvis sosyal, ak transpòtasyon
- Edikasyon espesyal/ edikasyon bonè pou timoun
- Sèvis entèvansyon tankou terapi fizik, terapi okipasyonèl, patoloji pou langaj
- Sèvis medical (Sèlman pou dyagnosis/evaliyasyon) nitrisyon, ak sèvis sante
- Odyoloji, lang siy, ak siy lapawol
- Sèvis vizyon

POU PLIS ENFÒMASYON SOU IFSP YO AK SÈ VIS ENTÈ VANSYON BONÈ YO ALE SOU

Child Development Watch

<https://dhss.delaware.gov/dph/chs/chscdw.html>

New Castle Office: (302) 283-7240

Kent & Sussex Office: (302) 424-7300

Department of Health and Social Services, Birth to Three

<https://www.dhss.delaware.gov/dhss/dms/epqc/birth3/directry.html>

Early Childhood Technical Assistance Center

<http://ectacenter.org/families.asp>

Parent Information Center of Delaware

<https://picofdel.org/>

Office: (302) 999-7394

Center for Parent Information and Resources

<https://www.parentcenterhub.org/ei-overview/>